АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№45 (10039)

РУЗМАН

4 ноябрь 2022 сон

10 РАБИУЛЬ-АХИР 1444 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

## ВатIан цIуни-щивасул борч

**1 ноябралдаса нахъе байбихьана санайилаб, хаслихъе Россиялъул армиялде хъулухъ гьабизе ритIулезул комиссиялъул хIалтIи.**



Гьелъие байбихьи лъелалде, 27 октябралда райадминистрациялда тIобитIана районалъул бетIер МухIамад ХIасановасул нухмалъиялда гъоркь комисиялъул данделъи.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель ГI.Рамазановас, военкоматалъул ва ОМВДялъул хIалтIухъабаз, росабалъ ругел рагъулаб учеталъул (ВУС) хIалтIухъабаз.

Хаслихъе байбихьулеб призывалъул бицунаго, районалъул бетIерас бичIчIизабуна лъагIалица гьабулеб рагъулаб хъулухъги мобилизациязги къосине бегьулареблъи.

Рагъулаб комиссариаталъул хIалтIухъан ГIабдулхаликъ ГIабдулхаликъовас бицана призывалъул ва мухIканлъи кьуна гьабизе бугеб хIалтIул. ВУСазул хIалтIухъабазул суалазе жавабал кьолаго, гьес би-



чIчIизабуна медиказ рагъулаб хъулухъалдаса эркен гьарурал ва пачалихъиял цIалул идарабазда лъай босулел ругел гIолилал гурони рагъухъанасул борчалдаса эркен гьарулареблъи.

Гьединго, гьес бичIчIизабуна 27 сон базегIан рагъулаб хъулухъ тIубазе инчIезе рагъулаб билет щолареблъи. ХIалтIуде лъугьине бокьараб мехалъ гьелъ гIемерисезе кваклвагли кколебльи. -АхIараб мехалъ комиссиялде рачIунарелги руго, гьединазе справкагицин военкоматалдаса щоларо,-ян бицана ГI.ГIабдулхаликъовас.

СияхIалги мухIкан гьарун, повесткаби кьеялде кIвар гьабеян лъазабуна ВУСазул хIалтIухъабазда районалъул бетIерасул заместитель ГI.Рамазановас.

Гьединабго данделъи тIобитIана 1 ноябралдаги, жамгIиял хIаракатчагIиги ахIун. Гьениб нахъойги ВУСазул хIалтIухъабазда бичIчIизабуна гIадамазе битIараб информация щвезабиялъул хIалтIи гьезда бараб букIин.

- Армиялда лъагIалица хъулухъ гьабизе ахIулел рукIин, гIолилал рагъулаб тунка-гIуси бугеб бакIалде ритIулел ругин абураб жо кколареблъи бичIчIизе ккола гIадамазда. Цониги срочный службаялда вугев чи витIуларо Украинаялда унеб бугеб рагъулаб операциялда гIахьаллъизе. Гьеб лъазабун буго нилъер президентас ва РФялъул оборонаялъул министр С. Шойгуца,-ян мухIкан гьабуна данделъиялъул ахиралда МухIамад ХIасановас.

ХIебда росдал имам МахIмуданаби Думалаевасги гьабуна цIакъ кIвар бугеб кIалъай: «ВатIан бокьи щивав муъминчиясулъ куцазе эбелинсуда тIадаб иш буго. ТIад ругезе мутIигIлъиги буго нилъер Аварагасул (с.гI.в.с.) хIадисазда бихьизабун. Гьебги хIисабалде босун, Муфтияталъги лъазабулеб буго ВатIаналда цебе борч тIубазе киназдаго тIадаб букIин».

П. МУХIАМАДОВА

■ БАРКИ

### Халкъал цолъиялъул къо!

ХIурматиял районцоял! РакIракIалъ баркула нужеда ТIолгороссиялъул 4 ноябралда нилъеца кIодо гьабулеб пачалихъияб байрам-Халкъал цолъиялъул къо!

Халкъал цолъиялъул къо бихьизабун буго 1612 соналъ К. Мининилги Д.Пожарскиясулги нухмалъиялда гъоркь Россиялъул халкъал цолъун, Москва полякazул интервентаздаса эркен гьабураб заманалъул тарих ракIалде щвеялъул мурадалда. Россиялъул тарихалда гIемераб бихха-хочи бугеб заманалъ халкъазул цолъиялъ гурони пачалихъ цIуничIеблъи тасдикъ гьабула гьеб байрамалъ.

Дунялалъул тарихалда цониги хIукуматалъе бокьулеб букIинчIо Россия къуватаб ва цебетIураблъун букIине. Жакъаги нилъер улкаялда сверухъ ругел гурониги, океаналда нахъ ругелги пачалихъаз хIаракат бахъулеб буго россияназул цолъи бихизабизе. Россиялъул гIадамал ва улкаялъул гIурхъи-рахъгун буголъи цIунулезул цебесеб кьерда руго нилъер гIолилал-ракьцоял. Щаклъи гьечIо гьеб хIалбихьиялъулги нилъеда хадуб бергьенлъи хутIиялда.

Гьарула киналго районцоязе ракълилаб гIумру, хIалтIулъ, цIалулъ, спорталъулъ бергьенлъаби ва церетIеял! Хехго ва сахлъиялде сакъат ккечIого рукьалде руссаги рагъулаб операциялда гIахьаллъулелщинал! Нужеда ва нужер хъизаназда рагIизе риччай рохалил харбал ва кьейги сундулъго талихIгун икъбал!

**Районалъул бетIер МухIамад ХIАСАНОВ**

■ ПРОЕКТ «ДИР ДАГЪИСТАН»

## ТIекьадерий санагIалъаби гьаруна

**28 октябралда ТIелекь росулъ байрамияб ахIвал-хIалалда тIобитIана «Дир Дагъистан» программаялъул бутIа «Комфортная городская среда» абураб проекталда рекъон къачIараб спортивияб майдан рагьулеб тадбир.**



Байрамияб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановас, райсобраниялъул депутат Ш.Абакаровас, районалъул имам МухIамад ГIариповас, росдал нухмалъулез ва жамагIаталъ.

«Комфортная городская среда» проекталдалъун, нилъер районалда чанго росулъ гьаруна хIалтIаби. ТIелекьги гьабуна спортивияб майдан, Ашаханил цIаралда бугеб къватIалдаса КъебедмухIамадил къватIалде щвезегIан нухазде хъил тIун буго, лъадал мухъазе рогIрал лъун руго, мажгиталда цебе бакI къачIан гIатIид гьабун буго.

Районалъул бетIерас байрам баркана ва росдал жамагIаталъе сахлъиги, баракатги гьарана.

«ТIекьадерил жамагIат! РакIракIалъ баркула нужеда росулъ санагIалъаби цIикIкIинариялъе гьабураб хIалтIиялъул ахир. Гьадин цадахъ хIалтIун, бухьен цIунани гурого, нилъеда кIоларо нилъер район лъикIлъизабизе ва санагIалъаби гьаризе. Гьарула киназего чорхое сахлъи, рокъоб рекъел ва баракат» - ян абуна жиндирго кIалъаялда МухIамад Ибрагьимовичас.

ТIелекь росдал бегавулас тIолго жамагIаталъул ва жиндирго рахъалдасан, мунпагIат цIикIкIараб гьеб проекталъул хIалтIаби тIуразаруралъухъ ва росдал жамагIатазул гIумру лъикIлъизабиялде кьолеб бугеб кIвaралъухъ кIудияб баркала загьир гьабуна районалъул ва республикаялъул нухмалъулезе.

(Ахир 2-леб гьум.)



■ ПРОЕКТ «ДИР ДАГЪИСТАН»

# ТIекьадерий санагIалъаби гьаруна



(Байбихьи 1-себ гьум.)

Гьединго, майдан рагьулаго, ракIбацIцIадаб ва мухIканаб хIалтIухъ, ООО «ДОРСПЕЦСТРОЙ» идараялъул нухмалъулесе, гьезулго тIокIлъи бихьизабурав хIалтIухъанасе ва ТIелекьа жамгIиял хIалтIабалъ жигарчилъи бихьизабурал кIигоясе кьуна баркалаялъул кагъталги.

Районалъул бетIерас, росдал бегавулас ва тIекьадерил жамагIаталъ хас гьабун кIудияб баркала кьуна ТIелекьа МухIамадов ХIажимурад Давудовичасе. ХI.МухIамадов ккола директорлъун АНО «Центр развития туризма и гостеприимства Республики Дагестан» ва МахIачхъала шагьаралъул собраниялъул депутат. Росулъ гьарулел хIалтIабазде кIудияб кIвар кьолев, жамгIиял ишазе щиб къваригIаниги кидаго кумекалъе ватулев ХIажимурад МухIамадовас, кIудияб бутIа лъуна спортивияб майдан гьабулелъулъ, къватIал къачIаязулъ ва лъел рогIрал лъолел хIалтIабазулъги.

Байрамияб тадбиралдаса хадуб МухIамад ХIасанов, райсобраниялъул депутат ва районалъул имам щвана ТIелекь росдал мадрасалде. Жакъа къоялъги гьенир цIалулел 30 мутагIилзаби ратиялъ, тIаде щварал цIакъ разиго хутIана. Лъималазе насихIатал ва малъа-хъваял гьаруна.

П. ЖАМАЛУДИНОВА



■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# МугIалимзабазул халгьаби

**Районалъул лъайкьеялъул отделалъ кIвар кьолеб буго щивав мугIалимасул профессионалияб цебетIей цIикIкIинабиялде. Гьелъул мурадалда, 31 октябралда ХIебда гьоркьохъеб школалда тIобитIана тIолго районалъул байбихьул классазул мугIалимзабазул лъаялъул халгьаби.**



Байбихьул классазул мугIалимзабаз гьеб къоялъ хъвана гIурус мацIалъул ва математикаялъул халгьабиялъул хIалтIаби. Щибаб предметалъул хIалтIи гьабизе бихьизабун букIана цо-цо сагIат.

Гьеб халгьабиялда рекъон гIуцIизе буго мугIалимзабазулгун хIалтIи дурус гьабиялъул тадбирал. Лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Карим Будуновасул рагIабазда рекъон, гьебго халгьаби букIине буго гьоркьохъел ва чIахIиял классазул мугIалимзабазеги.

Давуд ДАВУДОВ

■ ЭКОНОМИКИЯБ ЦЕБЕТIЕЯЛЪЕ

# ЦIиял объектазде цIикIкIараб бербалагьи

**1 ноябралъ ДРялъул экономикаялъул Министерствоялъул вакилзаби хIалтIулаб сапаргун щвана нилъер районалде. ТIаде рачIаразул аслияб мурад букIана районалда ралел ругел цIиял объектазде щвезе ва хIалтIухъ мухIканаб хал гьабизе.**



Араб соналъго байбихьи лъураб ХIебда росулъе лъим бачунеб, Ругъелда ва Сомода лъадал мухъазе рогIрал лъолеб, Басрияб ГIураде нухал къачIалеб, ГIасаб мини-футболалъе майдан гьабулеб ва ТIидиб «Интенсивные сады» программаялда рекъон гьарулел ругел хIалтIабазул хал гьабизе щвана хIукуматалъулаб делегация. Гьалбалгун цадахъ гьел росабалъе щвана районалъул экономикаялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель ХIамзат ХIамзатов ва редакциялъул хIалтIухъаби.



Цере рехсарал росабалъ жакъа къоялъ гьарулел хIалтIабазул хал гьабигун, лъикIаб къимат кьуна Минэкономикаялъул вакилзабаз. ХIебде лъим бачунеб бакIалда экскаваторалгун, тIад бан унеб батана хIалтIи. ГIурада нухазда хIалтIулеб батана трактор ва бетон тIезе бакIал хIадурлъулел ратана. ТIидиб «Интенсивные сады» программаялда рекъон, волонтералгун цадахъ гьутIби чIолел, ахал къачIалел ратана цIакъ жигарчилъиялда. Цониги объект батичIо хIалтIи гьоркьоб къотIизе тараб.

ТIадехун рехсарал хIалтIаби лъугIигун, гьезул мухIканаб баян кьезе буго нижеца газеталда.

П. ЖАМАЛУДИНОВА

■ РОСАБАЗУЛ ГІУМРУ

# Лъабго сиялъул къуват

**Гъоориб росу балаго, жиб-жиб тухум рукъги данделъун, гьениб эхетун буго анкьго си. Жакъа къоялде нахъе хутIун буго лъабго си.**



Умумузул биценалда рекъон, басрияб росу бан буго лъабго нухалъ. ТIоцебесеб росу букIун буго Зулиригиб абулеб бакIалда, гьенир росаби росабазде тIаде кIанцIун, бухIун бугилан бицен буго харабазул. КIиабизе бан буго Кунзалъ абулеб бакIалда. Гьенибги рахIат гьечIеб, хIалхьи гьечIеб бакI букIиналъ, цо рахъгIаги тIаде кIанцIиялдаса цIунараб бакI бугилан абун, киназго дандбан, хIукму ккун буго росу базе кьурул рагIалда.

Гьеб росу базе бакI балагьарал нилъер харабазе баркала кьезе бегьула. Щай гурелъул, нахъа бугеб кьурул сирталъ цIунулеб букIун гьеб. Гьебги гIечIого, байбихьун буго росу цебесеб рахъалъан цIуниялъе сиял разе. Биценихъе, анцIила микьго сон тIубарав чи санайиде вахарав вугиланги абун, гьеседа тIад къалеб букIун буго кIикъого гамачI хIадуризе, лъебергo ункъбокIонаб, анцIго лъаббокIонаб. Гьеб гамачI щвезабизе кколеб букIун буго си балев къадахъанасухъе. Гьеб заманаялъ гьесие кьолеб букIун буго муд (банкаялда) жанибе рехараб буцараб ролъалъул гьабураб чед, гьедин ран рагIула гьел сиял. Гьелдаса хадур ран ругила рукъзал, гIун бугила росуги.

Дида лъалеб заманаялъ, росулъе лъим бачараб лъел рахъ букIана къанабазул гьабураб. КигIан захIматаб заман букIаниги, рахъ хун гьеб къачIазе рахъунел рихьичIо цере рукIарал умумул, щайгурелъул, хIалтIи мухIканго, щулаго гьабулеб букIана.

Ракьулги кIудияб къимат букIана. Дидаго лъала ракьал хвеларедухъ бертаби гьаруна Сахролги ХIасанилалъулги сиязда гъоркь цо гьитIинабго майданлъи бугеб бакIалда. Гьедин цIунун рукIанин рекьулел ракьал бицунаан умумуз. Микьго гьир цIоросаролъил бахъанила, къого къали багIаргъалил, гьохьил, ролъул бакIаранилан бицунаан. Гьединго, нижер лъарахъ букIана анлъго гьобо. Цо лъел гьобо ХIебдаса бакълъадерил лъарахъан лъимги бачун хIалтIулебги букIана.

Дида лъалеб заманаялъ, росулъ букIана щуго си. КIиго си пири речIчIун биххана, гьанже хутIун буго лъабго си. Гьанже гьел сияз цIалел руго росулъе гIеме-гIемер туристал. Гьал туристазе дунял сверизе изну щвараб бакIалдаса нахъе, нижер росуги росулъ ругел гIадамалги макьидаса рорчIанилан ккола. Байбихьана чIахIи-чIахIиял рукъзал разе. Машинабаз туристал тIасаросулъе рачине. Гьеб цо рахъалъ лъикI буго, амма гьел рачIине байбихьизегIан кьоязеги нухазеги щибго букIинчIо, гьенисан унаан КъахIиреги. Рохьор ралел бакIазде камазал цIурал цемент, сали, бетон баччулаго цо къоялъ кьодул саказда гьоркьоб бакI машинагун цадахъ тIун ана. Басрияб кьоялъулги саккалъе къварилъи ккун бугилан тIаса машинаби риччалел рукIинчIо цо заманаялъ.

Умумузул кици буго гIадан хваниги рухI холарилан абураб. ГIурус мацIго лъаларого хварал умумул лъун ругел хобалазулъан эхеде эхере хьвадулел руго гIурусал. Нилъер диналда рекъон, хваразул адаб цIуниялъе гьеб сурун бихьула дида.

Туристал рачIунел рукIиналъищ лъаларо, байбихьун руго нухал гIатIидги гьарун, хъил тIезе. Гьеб цо рахъалъ лъикI буго, амма хасало нухазда цIер къараб мехалъ кин машинаби хьвадизе ругелали лъаларо. Росулъ рарал цIиял минабазухъан гьарун руго канализацияби. Гьадинги лъадакълъиялда ругел росдал гIадамал канализациялде бараб чороклъи хъамун инегIан лъим цояз хIалтIизабураб заманаялъ гьекъезе лъим гьечIого хутIизе руго цогидал. МагIардаса лъим бахъизе биччараб гIарацги кибе арабали лъаларо. Лъебелазул бригадаялъ бачунеб букIун буго гьеб, исана цIадал ран лъим богониги, тIаде соназ щиб ккелеб лъаларо.

Гьаниб загьир гьабичIого гIоларо нижер цIияб бараб мажгиталъуб букIана гIемераб, гьабичIого гIолареб хIалтIи. Гьебги хIисабалде босун, дибирасда дандбана херазул Советалъ ва план ккана субботник гьабизе. Суббота воскресениялъ рахъана гIолохъаби, бихьинали, руччабиги. Гьабизе бугеб хIалтIиялъе бетIерлъи гьабизе тIадкъана махщел бугел гIолохъабазда. БетIерлъи гьабуна Давудица. Цояз шпаклевка гьабуна, цояз азбар бацIцIана, цояз канализациялъе рахъ бахъана. Гьенисан чIинтIизарурал пластмассалъул шлангалги рахъун, лъуна щулиял бетоналъул трубаби. Кинабго хIалтIиялъе цере рахъарал гIолохъабаздаса баркалаялъе мустахIикъал руго Мурад ГIумаров, росдал дибир Давуд , Мухтар Къулду (Дибир МухIамад). Цоги баркала кьезе бокьун буго росулъ гьарулел хIалтIабазе нухмалъи гьабизе цеве вахъунев, жамагIатгун данд бан хIалтIи гIуцIулев бегавул МухIамадиеги. Хасго гIолохъабазе квен-тIех гьабизе рахъунел руччабазул советалъул председатель Расиатие, ТIавусие, Асияие ва цогидазеги. Я, Аллагь, гьаб рагъги лъугIун дуниялги рукIалиде ккаги, гьенир ругел нилъер гIолохъабиги сахго рукъалде тIадруссине хъван ратаги.

**Херазул Советалъул председатель Хирасул МухIамад, Гъоориб росу**



**Шамил районалъул чIунтарал росабазул цояб ккола Къелеб мухъалъул Рукъдахъ росу. Жакъа батиларо гьеб картаялдаги. Росу букIараблъи лъазе гIадин, гьанир хутIун руго гIицIго къадал.**

# Рукъдахъ - чIунтараб росу

1917 соналда гьабураб переписалда рекъон, гьаниб гIумру гьабулеб букIун буго 28 цIараки. Бицуна гьел рукIанин цIакъ росу ккурал гIадамал. КъватIиса гьезул рохьоре, хури-мочIоре изну гьечIого рачIарал, гьез квал(рухьен)къотIун риччалаанин. Бицуна гьезул гIурхъи букIанин гьанже МачIада росдал ракьалда гьоркьобе унеб "ИчIнаа"кулиги гъорлъе бачун. Цинги дагIба кканин гьеб колодаса. КъотIи ккун буго Къуръанги хIалае ккун гьедизе. ТIоцеве гьедун вуго мачIадисев. Чакминибе ракьги бан, гьаб дун чIараб бакI нижер бугилан. Гьеб мехалъ рукъдалазе гьабизе жо хутIун гьечIо. "ИчIнаа" бакIги гьезие хутIун буго.

1944 соналъ Чачаналде гочана гьеб росуги. Гьелде щвезегIан мадугьалихъ ругел ГIурчухъ ва Хьиндахъ росабигун цадахъаб Чапаевасул цIаралда бугеб колхоз букIана гьезул. Гьел гочингун, гьезул ракь кьуна ругъелдисезе. 1957 соналъ цо-цоял жидерго умумузул ракьалде тIадруссана, амма рукъдалал парахалъана Стальскиялда (Гъизилюрт район). АбичIого гIоларо, цохIо рос-лъади Учил ХIусен ва Хадижат рукIана гьенир я ток гуреб, я автомашиналъе нух гуреб бакIалда. ХIусен хун хадубги, 2004 соналде щвезегIан гьенийго цохIо гIумру гьабун йикIана Хадижат. Гьенийго юкъеян васигатги гьабуна гьелъ.

Гьенир хутIарал чIунтарал минабазул буго берцинго бараб къед. Гьединабго къед буго мажгиталъулги. Росдал хабалалъ вукъарав ГIабасшайихасухъе зияраталъ рачIуна гIемерал гIадамал. Бицуна гьев гIалимчи дибирлъун вукIанин ЛъаратIа районалъул Хорода росулъ. Гьенив хун вуго гьев. Васигат букIун буго росулъ вукъизе. Гьеб рагIарал рукъдалаз хабалъаги вахъун, гьев росулъе хъамун вуго. Гьеб лъарал хородиселги хадур роргун руго. ГIорхъоде щолеб мехалъ, жаназа кIалъанин абула хIухь бахъейин, гьанже хIинкъи гьечIилан. Берцинго къачIан буго гьесул хобги.

Гьанисаго вукIун вуго цIакъ кечI-макъаналъе машгьурав Айзал МухIамад. КIудаинсулго букIараб боцIи сабаблъун, Сибиралде витIун вуго гьев, рокьиги ккун ячарай гIаданги тун. Жакъаги къелдерица ахIула гьесул кучIдул, гьесулго бакъаналда. Гьаниса рукIана Шамилил рагъда шагьидлъаралги, КIудияб ВатIанияб рагъде аралги, тIад руссинчIелги. Мунагьал чурайги гьезул. Бегьилаан туристал рачIунеб росулъун гьеб гьабизе. ТIокIаб жо гьечIониги, гьанир гIадин берцинго рарал къадал ратиларо. Лъелго ине гьанже буго дагьабго нух(0,8км). Росдалги гIадамазулги бицине гIемераб жо буго.

**Чанги наслабаца гIумру тIамураб,**
**ГIайиб гурищ Рукъдахъ мун бесдаллъизе.**
**Бищунго гIасиял рагъул соназцин,**
**Адрес хисичIого рачIанин кагътал.**

**Кинаб къисматалъ мун, гIагараб ракь тун,**
**ГIодор Чачаналде гочине ккараб?**
**Щиб гIайиб букIундай бакъулаб ВатIан,**
**Бакъул унтабазухъ хисизе ккараб?**

**Чанго соналдаса Чачан ракьги тун,**
**Нахъойги гьениса нахъе рачарал.**
**Гьанже санагIатаб гIодоблъиялъухъ,**
**ГIагараб росу тун, Стальск хисараб.**

**ЧIагояб нугI гIадин хутIана гьаниб,**
**Хваразул заналги,цо бугеб иццги,**
**Цинги мажгиталъул берцинаб къедги,**
**Къилбаялде буссун бараб михIмарги.**

**Гьаниб хобалазулъ буго зиярат,**
**ГIабас-шайихасул бицен бечедаб,**
**Хородаса вахъун,росулъе ваччун,**
**Васигат вукъизе Рукъдахъ батарав.**

**Кида кIочон телев АйзалмухIамад,**
**ХIасратал кучIдузул камилав устар.**
**Щибго гIайиб гьечIелмацIал сабаблъун,**
**Сибиралде арав машгъурав шагIир.**

С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ

■ ЗИГАРА

## ГIабдула МухIамадович АМИНОВ



Дагъал церегIан къояз халат бахъараб унтудаса хадув нилъедаса ватIалъана лъикIав инсан, гIемерал саназ ХIебда росдал бегавуллъи гьабурав, ГIасаб росулъа Аминов ГIабдула МухIамадович.

ГIабдула вукIана жамагIаталъул тIалабал тIубаялъе тIолабго жиндир гIумру кьурав, унго-унгояв хIалтIухъан.

Токарлъун цIалун вахъарав Аминовас тIурана батIи-батIиял идарабазда гIемерал хIалтIаби. Пенсиялде иналде цебе 20 соналъ вукIана Аминов ГIабдула ХIебда росдал бетIерлъун.

ГIолохъанаб мехалдаса нахъего жиндаго бихьараб къоялъги, гьабизе ккарабщиналъги ватила ГIабдула цIакъ хIалтIулевлъун ва гIадамасул ургъел бикьулевлъун вахъарав. Жавабияб хъулухъалда вугониги газа-бел гIодоб лъун течIо гьес. Райцентралъул кIвар цIикIкIарал масъалаби тIуралаго хIалтIухъанасул ретIел костюм тIажулде хисизе гьев регIичIо.

ГIабдула ва цо кIудияв вац гурого хъизан гьабурал рукIинчIо, гIолохъанго гьезул эмен хвараб мехалъ. Хадур гIун рачIинел ругел анкьалго яц-вацазул тIалабги, кинабго ургъелги, магIишат гьабиги, гьел ригьнаде рахъинариги бегана кIиявго кIудияв вацазде. Жавабчилъиги бугел, хIалтIулъ кIвахIги лъаларел вацаз течIо щибго къварилъи эбелалъе ва яцал-вацазеги. Киназего щвана тIадегIанаб даражаялъул цIали. Киналго лъугьана унго-унгоял хIалтIухъаби. Кутакалда цоцаца ккурал, цоцаде рокьи цIикIкIарал берцинаб хъизам буго Аминовазул.

ХIакимлъи гьабичIев, чIухIа-къулиялда хьвадичIев Аминов ГIабдула, гьев лъалелщиназул рекIелъ хутIана сахав инсанлъун. Гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго ГIабдулал хъизан рукъалда, гIарлъиялда ва тIолго гIесдерил росдада. Я, Аллагь, Алжан насиб гьабун батайги. ГIагарлъиялъе сабру кьеги.

**Районалъул ва ХIебда росдал администрацияби, редакция.**

Гьал къоязда Аллагьасул къадар щун нилъедаса ватIалъана ракI лъикIав инсан, жиндир тIолабго гIумру гIадамазе лъикIлъи гьабулаго арав, адаб-хIурмат цIикIкIарав, гIемерал саназ ХIебда росдал администрациялъе нухмалъи гьавураб ГIасаса ГIабдула Аминов.

Районалъул ветераназул Советалъ гъваридаб пашманлъиялъулаб зигара балеб буго ГIабдулал хъизаналда, лъималазда, гIагарлъиялда ва тIолабго ГIасаб росдал жамагIаталда.

Аллагьас ахират лъикIаб кьеги гьесие, Алжан насиб гьабеги.

**М-р ГIУМАРАСХIАБОВ,**
**районалъул ветераназул Советалъул председатель**

■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ПРЕДПРИНИМАТЕЛЕЙ

# О маркировке упакованной воды




В соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 31 мая 2021 г. № 841 «Об утверждении Правил маркировки упакованной воды средствами идентификации и особенностях внедрения государственной информационной системы мониторинга за оборотом товаров, подлежащих обязательной маркировке средствами идентификации, в отношении упакованной воды» с 1 ноября 2022 г. вступают в силу требования об обязательной передаче в государственную информационную систему мониторинга за оборотом товаров, подлежащих обязательной маркировке средствами идентификации (далее – информационная система маркировки), сведений об обороте маркированной упакованной воды в разрезе количества и кода товара, передаваемых в составе универсального передаточного документа посредством электронного документооборота, а также сведений о выводе маркированной упакованной воды из оборота путем, не являющимся продажей в розницу.

Производитель, импортер, организации оптовой и розничной торговли – с этой даты должны использовать электронный документооборот в процессах отгрузки и приемки маркированной продукции. Участникам оборота необходимо внедрить и настроить электронный документооборот. Для этого нужно выбрать оператора ЭДО и провести тестирование электронного документооборота с контрагентами. Передавать сведения в систему необходимо о партиях товаров (информация о коде товара и количестве отгружаемого маркированного товара), при этом возможно передавать информацию без указания конкретных кодов маркировки, которые перемещаются между собственниками.

ООО «Оператор-ЦРПТ» составлен перечень участников оборота упакованной воды, не зарегистрированных в информационной системе маркировки, которые являются контрагентами крупнейших производителей упакованной воды.

Также, Оператором подготовлен соответствующий справочный материал по подключению и работе с сервисом ЭДО.

Обращаем внимание, что в соответствии со статьей 15.12.1 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях за непредставление сведений и (или) нарушения порядка и сроков представления сведений в информационную систему маркировки предусмотрена административная ответственность, которой предусматривается предупреждение или наложение штрафа на должностных лиц в размере от одной тысячи до десяти тысяч рублей, а на юридических лиц – от пятидесяти тысяч до ста тысяч рублей.

**Министерство промышленности**
**и торговли РД**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянный диплом, серии ЗТ-1 за номером 364178, регистрационный №1420, выданный Магомедгасановой Батиме Магомедовне, об окончании ГБПОУ «Буйнакское медицинское училище», по специальности «Лечебное дело», квалификация –Фельдшер в 1986 году, считать недействительным.

**ЦОЛЪИ**

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР

МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовальул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевальул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественностальл къимат кьезелъун.
Нижер электрониябпочтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50